

15 janvye 2019

Chè Vwazen,

N ap envite w pou vin patisipe avèk nou lè n ap pataje enfòmasyon sou travay n ap planifye fè nan kominote East Boston nan.

Nan kad jefò nou fè toulèjou yo pou nou founi sous enèji sekirize ak fyab bay kliyan nou yo ak bay kominote a, Eversource pral enstale yon nouvo soustasyon elektrik sou East Eagle Street nan East Boston ("Soustasyon" an). Soustasyon an fè pati de Pwojè Estabilite nan Mystic-East Eagle-Chelsea ("Pwojè" a), ke Komite Anplasman Enstalasyon Enèji nan Massachusetts (Massachusetts Energy Facilities Siting Board) ("Komite Anplasman" an) te apwouve a, epitou li gen ladan l de nouvo liy transmisyon elektrik souteren nan Everett, Chelsea ak East Boston.

Pwojè sa a pral amelyore sistèm transmisyon an nan zòn Gran Rejyon Boston an pou pèmèt kliyan yo kontinye jwenn enèji elektrik ki fyab pou reponn a bezwen yo genyen pou enèji k ap ogmante yo. Li pral asire tou ke rezo elektrik zòn lan konfòme ak nòm establi nasyonal ak rejyonal yo.

Kounye a Eversource ap pwopoze pou deplase Soustasyon an a yon distans ki apeprè 180 pye de anplasman orijinal ke Komite Anplasman an te apwouve a. Etandone Soustasyon an pral sitiye toupriye pwopriyete w la, nou angaje n pou nou enfòme w sou tout mizajou k ap fèt yo oframezi Pwojè a ap vanse. Pou sipòte efò sa a, Eversource pral òganize yon Sesyon Enfòmasyon pou bay kominote a plis detay e pou bay nou tout yon platfòm pou n poze kesyon ak resevwa kòmantè nan men Ekip Pwojè Eversource la.

Sesyon Enfòmasyon pou Pwojè Estabilite nan Mystic-East Eagle-Chelsea a pral fèt nan:

**Madi 5 fevriye 2019**  
**Pase ant 5:00 p.m ak 6:30 p.m.**

East Boston High School  
86 White Street  
East Boston, MA 02128

Youn nan bagay enpòtan ki rantre nan kad travay nou nan kominote w la sèke nou toujou vle kenbe liy kominikasyon an lib. Nou swete w ap kapab vin patisipe nan Sesyon Enfòmasyon sa a ki pral fèt la. Si w gen kesyon sou Pwojè n ap pwopoze a, tanpri ale sou sitwèb Eversource la, rele Liy Enfòmasyon Transmisyon Eversource

(Eversource Transmission Information Line) la nan 1-800-793-2202 oswa voye yon imèl nan [TransmissionInfo@eversource.com](mailto:TransmissionInfo@eversource.com).-2202

